Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

№ 66 (25795)

РÆСТДЗИНАД

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 18 апрел — хуымгæнæны мæйы 18 бон, дыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 РАЦАРÆЗТ
“Пищевик” байгом

3 АДÆЙМАГ ÆМÆ ЭКОЛОГИ
Æрдзы хорзæх нæхицæй аразгæ у

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Футбол

Æргом ныхас

Студенттимæ фембæлд Мæскуыйы

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО, Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, фембæлд Уæрæсейы Федерацийы ‘хсæн ахастдзинæдты институты студенттимæ, дзуаппытæ радта сæ фарстытæн. Уый фæстæ йын фадат уыд алайнаг æхсæнады минæвæрттимæ аныхас кæнынæн.

Фидæны дипломаттимæ дзургæйæ, Сергей Меняйло фæбæрæг кодта Цæгат Ирыстоны рæзт, йæ экономикæ, туризм, егъау инвестицион проекттæ царды уадзыны нысантæ. "Алы регионы дæр ис, историон æгъдауæй чи сфидар, ахæм экономикон къабæзтæ, Ирыстонæн уыдон сты туризм, хъæууон хæдзарад, промышленност. Агропромышленности мах царды уадзæм цалдæр проекты. Уыдонимæ сты, æфснайæнтæ, кооператив "Де-Густо", балергæсагдарæн фермæ. Туризмы рæзтæн мах цалдæр ахъаззаг проекты царды уадзæм — алы афонты кусæг "Мамысон", тематикон "Аланыстон-парк" æмæ æндæртæ. Уыдон хаст сты РЦИ-Аланийы экономикон рæзты хуызмæ æмæ сæ царды уадздзыстæм", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Республикæйы разамонæг ма рæгъмæ рахаста фæзындзысты, уыдæттæ. Республикæйæ цы хæдбар батальон архайы сæрмагонд æфсæддон операцийы, хæстæ куыд æххæст

сæмбæлы, цавæр хъуыдытæ йæм сæвзæры, æфсæддонтæ сæхи куыд дарынц, уыдæттæ лæмбынæг дзырдта.

Институты студенттæ радтой фарстытæ йæ райгуырæн Алагиры скъолайы, йæ фыд-фронтовикы, республикæйы дарддæры рæзты тыххæй. Республикæйы хъæздыг культурон æмæ историон бынтæ бахъахъхъæныны тыххæй фарстæн Сергей Меняйло радта ахæм дзуапп: "Культурæйы бындуры ис æвзаг, мах царды уадзæм æвзаг бахъахъхъæныны æмæ рæзты программæ. Культурæйы бынты объектты тыххæй хыгъд нæм ис, рæстæгæй-рæстæгмæ йæм æфтауæм, сæ иу хай рацаразинаг у, иннæтæ сты консерваци хъуар. Нæ размæ лæууы культурон æмæ историон бынтæ риртасыны æмæ сæ хыгъдтæм бахæссыны хæс. Уæд сбæрæг уыдзысты хъахъхъæнæн бынæттæ", — бацамыдта республикæйы разамонæг.

Мæскуыйаг уæлдæр ахуыргæнæндонмæ бацæугæйæ уал Сергей Меняйло фембæлд йæ ректор **Анатолий Торкуновимæ.** Ныхас бацахста дыууæвæрсыг ахастдзинæдты фарста. Æппæт фæзилæнтæ, бадзырдтæ сбæрæг кæндзысты æмгуыстады тыххæй разыйы гæххæтты. Хъуыддаг кæронмæ бантысдзæн Бетъырбухы дунеон экономикон форумы, июны.

"Хъазахъхъаг хутор"-ы нырыккон политикон цауты рæстæг адæмты ‘хсæн ахастдзинæдтæ, уыдон регионты цардыл куыд кæнынц, уый дæр бæстон радзырдта. Йæхæдæг сæрмагонд æфсæддон операцийы бынаты куыд

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Пресс-конференци

Ног экономикон æмвæзадмæ

Нæ республикæйы экономикон райрæзты фарстатæ, фыццаградон инвестицион проекттæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл ныхас цыд РЦИ-Аланийы экономикæйы министр КУЧИТЫ Зауыр æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттимæ фембæлды рæстæг.

Ивгъуыд азимæ абаргæйæ, 2023 азы Цæгат Ирыстоны экономикæмæ инвестицитæ цас æрбацæудзæн?

— Æрвылаз дæр, национ рейтингы нæ республикæ хуыздæртимæ нымад æрцæуы. Зæгъæм, 2022 азы, инвестортæ фылдæр се 'ргом кæдæм здахынц, уыцы 34 регионы номхыгъды мах уыдыстæм 14-æм рæнхъы. Социалон къабазы æмæ æндæр æфтиæгты фæрцы ивгъуыд аз инвестицитæ æрбацыд 43,3 миллиард сомы, кæнæ 8,4 проценты фылдæр. 2023-2025 азты та инвестицитæ нæ экономикæ æмæ социалон къабазмæ 6,7 проценты фæфылдæр уыдзысты.

— Инвестицион проектты 'хсæн ахсджиагдæртæ кæцытæ сты, стæй сын æхца цас бахъæудзæн?

— Æхсызгонæй зæгъдзынæн, ныртæккæ 37 егъау инвестицион проектыл кæй цæуы куыст, сæ аргъ у 30 миллиард сомы бæрц, уымæй уæлдай ма 17,6 миллиард сомы аргъ фондз инвестицион проекты æнæмæнгæй царды уагъд æрцæудзысты.

Мæздæджы районы арæзт æрцæудзæн стыр агрокомплекс цалдæр дæлхайадимæ. Æхсынæнæй, рапсæй, нартхорæй, сояйæ, горчицæйæ зети кæм кæной, уыцы завод суткæмæ дæтдзæн 200 тоннæйы хъæугæ продукци.

Комплексы дыккаг завод та цæттæ кæндзæн æмхæццæ холлæгтæ фосдарынады къабазæн. Æппæт хъарутæй куы æркуса, уæд сахатмæ уадздзысты 5 тоннæйы холлаг. Ацы проекты аргъ у 2,7 миллиард сомы.

Ныртæккæ кондитерон, æхсыры продукци, косметикæ, гæрзтæхсæн, суанг фармацевтикæйы къабæзты æхсызгонæй хъæуы, моноглицеридтæ кæй хонынц, уыцы æфтауинæгтæ. Уæрæсейаг æхсынæны сыгъдæггонд зети æмæ глицеринæй кæм пайда кæндзысты, уыцы ног куыстуат "Эмлан"-ы уадздзысты цалдæр хуызы моноглицеридтæ. Проекты иумæйаг аргъ у 4 миллиард сомы.

Ацы æмæ æндæр проектты фæрцы нæ республикæ схиздзæн бæрзонддæр экономикон æмвæзадмæ.

Туризм, транспорт, агропромышленнон комплексы райрæзтæн иумæйагæй лæвæрд æрцæудзæн 64 миллиард сомæй фылдæр.

Иугæр арæзт куы æрцæуой, уæд 2030 азмæ æнæбюджетон æхцатæ æрбаздахдзыстæм 54 миллиард сомы, авд мин адæймагæн та фæзындзæн куысты ног бынæттæ.

Хæстæгдæр рæстæг РЦИ-Аланийы æркусдзæн балергæсаджы селекцион центр, фæуæрæхдæр уыдзæн дыргъдæтты фæзуат. Халсартæ афæдзмæ 50 мин тоннæйы фылдæр уыдзæн, базарадмæ афæдзмæ æрвитдзыстæм 30 мин тоннæйы фылдæр кæсаджы хуызтæ.

— Туризмы къабазы ма цы ивддзинæдтæ æрцæудзæн?

— Дарддæр арæзтадон куыстытæ цæудзысты туристон-рекреацион комплекс "Мамысон"-ы, куыст цæуы æппæтрæстæгон-тематикон "Аланыстон парк"-ы, 2025 азмæ, цæмæй туристты нымæц фæфылдæр уа, уый тыххæй нæм Дыгургомы фæзындзæн туристон-рекреацион комплекс "Хæххон Дыгур".

Бирæ ивддзинæдтæ æрцæудзæн промышленнон къабазы дæр.

Ныхас ныффыста ГУГКАТЫ Жаннæ

Аудынад

Æххуысы фонд

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы регионалон фонд ”Фыдыбæстæйы хъахъхъæнджытæ” байгом кæндзысты Цæгат Ирыстоны.

Адæмæн социалон, медицинон æмæ психологон æххуыс кæныны хъуыддæгтæм цæст даргæйæ, фонд санаторон-курортон дзæбæхкæнынады, стæй ахуырад æмæ куыст дæттыны къабæзты фарстатæ лыг кæндзæн.

Ныридæгæн фондæн хъæугæ бæстыхай ссардтой, стæй бафидауыны фæстæ Уæрæсейы Президенты цур Адæмон хæдзарад æмæ паддзахадон службæйы академийы ахуырад чи ацæудзæн, социалон цæстдарджыты бынæттæм 25 ахæм кандидатурæйы нæмттæ сбæлвырд кодтой. Цæстдарджыты хæс уыдзæн сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты алы бинонтæм дæр цæст дарын.

Алы муниципалон иугонды дæр фонды регионалон филиалы куыстæн уавæртæ саразын æмбæлы. Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: ацы азы февралы Федералон Æмбырдæн Ныстуан хъусын кæныны рæстæг Уæрæсейы Президент Владимир Путин бахаста сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы уæрæсейаг фонд саразыны фæндон, ацы мæй та къух æмбæлгæ Указы æрæвæрдтой.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Цалцæг

Фонтанты нывылад

Майы бæрæгбæттæм, Дзæуджыхъæуы Центрон парчы дыууæ фонтаны кæронмæ цалцæггонд æрцæудзысты. Уый тыххæй фехъусын кодта горæты администрацийы пресс-службæ.

Ныхас цæуы фонтантæ "Нимфа" æмæ "Трубайыл хъазæг лæппу"-скульптурæтыл. Уыцы рæстæг фонтан "Кæсаглас"-ы та рацарæзты куыстытæ кæндзысты дæргъвæтин рæстæг: майы бæрæгбæттæм уал скусдзæн, фонтаны бынаты æвæрд рæстæгмæйы конструкци. Иннæ сæйраг куыстытæ та кæронмæ фæуыдзысты фæззæджы.

Горæтаг фонтантæ традицион уагæй скусынц 1 майы.

Нæ уацхæссæг

Кусæг балц

Арæзтад æфстæутты фæрцы

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис бабæрæг кодта цæрæнуæтты арæзтад Дзæуджыхъæуы. Арæзтад цæуы Терчы былгæрон, пайда кæнынц бюджетон инфраструктурон æфстæуттæй.

Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин** куыд радзырдта, афтæмæй хъуамæ комплексы уа фондз фарастуæладзыгон хæдзары, коммерцион бæстыхæйттæ хæдзæртты хуылфы арæзт уыдзысты. Сæ иу арæзт æрцыд, бынаты ма уыдзæн коммерцион бæстыхай дæр. Æфстауы хардзæй инженерон хыстæ, канализацион коллектор, донуадзæн аразынц, йæ цæттæдзинад хæстæг у 80 процентмæ. Кольбусы уынджы ма фæзындзæн фистæгæй цæуæн хид. Ацы аз Терчы былгæронмæ дæр базилдзысты.

Инвестицион проекты нысангонд инфраструктурæйæн федералон бюджетæй республикæ 2022-2023 азты райсдзæн 251 милуан сомы бюджетон æфстауы

объекттæ. Æдæппæтæй 2025 азмæ мах райсдзыстæм 1,5 миллиард сомы. Цæгат Ирыстон ма цæттæ у 2023-2024 азты уæлæмхасæн бюджетон æфстау райсынмæ", — загъта Хицауады Сæрдар.

Уый ма арасджытæн бафæдзæхста нырыккон социалон инфраструктурæйы рæзт нымайыны хæстæ. Хъуамæ базилой цæугæдоны былгæрæттæм, адæм дзы куы тезгъо кæной, уæд хъуамæ сæхи хорз æнкъарой.

Цæгат Ирыстон 2022-2023 азты бавнæлдта цыппар инфраструктурон проекты царды уадзынмæ. Спайда кодта бюджетон æфстауæй. Фæрæстæ сты 811,2 милуан сомы. Уыдоны фæрцы фæзындзæн туризмы æмæ цæрæнуæтты арæзтады инфраструктурæ. Комкоммæ — Терчы былгæрæтты цæрæнуæтты æмæ коммерцион арæзтад, Дзæуджыхъæуы цæгат-ныгуылæйнаг хайы цæрæнуæтты арæзтад, аква-парк "Аквасити" æмæ Дæргъæвсы хъæуы туристон комплекс "Къæхтысæр"-ы инфраструктурæ.

Ноджыдæр ма 620 милуан сомы райсдзысты 2024-2025 азты. Спайда сæ кæндзысты Дзæуджыхъæуы цæрæнуæтты социалон æмæ инженерон инфраструктурæйы арæзтады.

БУТАТЫ Эльзæ

Зиу

Бафснайдтой сæ алфамбылай

Заводы поселочы цы зиу ракодтой, уый тыххæй радзырдта бынæттон администрацийы сæргълæууæг ДЖИГОЛАТЫ Батрадз.

"Куадзæны агъоммæ 31, 34-æм астæукаг æмæ музыкалон скъолатæ, 178 æмæ 84-æм præвдауæндæттæ скодтой зиу. Бафснайдтой сæ алфамбылай, чъырæй сцагътой бæлæстæ, парк æфснайнмæ сæм фæкастысты поселочы цæрджытæ. Бырæттæ бынатмæ фæхæццæ кæныны техникæйæ сæм фæкаст Парламенты депутат **Битарты Алик.**

Мæхи æмæ цæрджыты номæй йын арфæ кæнæм", — загъта сæргълæууæг. Æртæ бонмæ сын бантыст 300 бæласæй фылдæр чъырæй сцæгъдын, фараст машинæйы та бырон аластой уæлмæрдтæй, куыст цæуы дарддæр.

Нæ уацхæссæг

Дзырды фарн

Æцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн .

ТЫБЫЛТЫ Алыксандр

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **18 апрелы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **13-18 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **15-17 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,34

Хурыскаст — 05,18
Хурныгуылд — 18,46

Валютæйы аргъ

Доллар — 81,59
Евро — 89,48

12+

Нысантæ

"Пищевик" байгом

Стыр рацарæзты фæстæ Бесланы байгом стадион "Пищевик". Уый тыххæй Рахизфарсы районы цæрджытæн раарфæ кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Спортивон объект сарæзтой 80 азы размæ, рæстæг ыл рацыд æмæ заууат уавæрмæ æрцыд. Йæ рацарæзты фæстæ дзы ныр фадæттæ фæзынд спорты алы хуызтæй архайынæн. "Бирæтæ хъуыды кæнынц, стадион раздæр цы хуызы уыд, уый. Иумæ йæ кæй бахъахъхъæдтам, кæй сног кодтам, уый мын æхсызгон у. Нæ фæсивæдæн æмæ сывæллæттæн стадион сæ удты хъаруйы рæзтыл кæй фæзындзæн, уый мæ уырны. Уæ алкæмæн дæр арфæ кæнын!", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Бесланы Маисон комбинат куы скуыста, уæд дзы фæзынд стадион дæр. Фæстаг азты нал куыста, "Физикон культураæ æмæ спорты рæзт"-ы паддзахадон программæмæ гæсгæ йæм 2022 азы рацаразынмæ бавнæлдтой. Ныртæккæ стадион бындуронæй рацарæзтой, спортуарсджытæ дзы æхсызгонæй архайдзысты. Фæзынд дзы административон-цардыуаджы комплекс, тренировкæтæ кæнæн зал, дзаума ивæн æмæ хинайæн хатæнтæ.

Футболон фæзмæ базылдысты, трибунæ конд у згъæры конструкцитæй, ис дзы дыуæ мин бынаты. Стадионы цур бынат ис машинæтæ æвæрынæн, æндæр хъæугæ скондтæ дзы сарæзтой. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг аныхас кодта спортсментимæ, тренертимæ. Кадджын уавæры стадион куы байгом кодтой, уæд дзы уыд футболон хъазт Рахизфарсы æмæ Кировы районты командæты 'хсæн.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Коммуналон хæдзарад

Тæвддæттæнты рацарæзт

Алагиры 21 тæвддæттæны рацараздзысты, 15 блокон-модулон тæвддæттæны æмæ 1123 метры дæргъæн тæвдуадзæн хызтæ фæфидар кæндзысты, стæй 6 базæрондуæвæг тæвддæттæны сæхгæндзысты.

Ацы хабар фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн**.

Бæрнон адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, Уæрæсейы Регионалон рæзты хицауадон къамисы президиум Алагиры тæвдифтонгады системæ сног кæныны проектыл сразы.

Национ фæрныгады фонды фæрæзты хардзæй проект сæххæст кæнынмæ хъавынц дзыллон-барадон компани "Фæзуæтты райрæзты фонд"-ы фæрцы.

— Федералон æмвæзадыл кæуыл бакуыстой, проект æххæст кæнынц ахæм ног фæткмæ гæсгæ. Цæгат Ирыстон фæлвараен регионты номхыгъдмæ кæй бахастой, уый фæрцы нын уыдзæн бирæ азты дæргъы алагирæгты тыхсынгæнæг фарста рæвдз æмæ хæрзхъæдæй алыг кæныны фадат. Ацы хъуыддаджы æппæт архайджытæ сæ хæстæ хъуамæ æнаиппæй æххæст кæной, — загъта Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**.

Нæ уацхæссæг

Акци

Номарæн аллей

Дзæуджыхъæуы 18-æм скъола каст чи фæци æмæ службæйы хæстæ æххæст кæныны рæстæг чи фæмард, уыцы адæмы рухс нæмтты кадæн ахуыргæнæндоны фæзуатыл аразын райдыдтой номарæн аллей.

Талатæ садзыны куысты архайдтой педагогтæ æмæ ахуырдзаутæ. Алы тала дæр банымайæн ис хæсты быдырæй марбаздæхæг адæмы номарæны æвдисæныл.

— Бæлæстæ рагæй дæр нымад сты зæххыл цард дарддæр хæццæ кæныны æвдисæныл æмæ хæсты номарæныл. Алы азты не скъола каст чи фæци, уыцы адæм, се 'фсæддон хæс Афганистаны, Цæцæны æмæ Сирийы, ныр та — Украинæйы æххæст кæнгæйæ, сабырдзинад хъахъхъæдтой, — зæгъы дзыллон мадзалæн фадæттæ саразæг ахуыргæнæг **Муриты Маргаритæ**.

Зайæгойтæ садзыны хъуыддаджы архайдтой Цæгат Ирыстоны Салдæтты ныййарджыты комитеты сæрдар **Татьянæ Днепровская**, стæй фæмардуæвæг хъæбатырты хиуæттæ.

Нæ уацхæссæг

Æнæниздзинад

Хистæр фæлтæрмæ — цæстдард

Республикон гериатрион центр райдыдта кусын Горæтгæрон районы рынчындоны. Байгом регионалон проект "Хистæр фæлтæр"-ы фæлгæты.

Ацы службæ фадат ратдзæн, 60 азæй уæлæмæ кæуыл цæуы æмæ астенийæ рынчын чи у, уыдонæн медицинон æххуыс бакæнынæн. Ис дзы 25 бынаты, сæ æнæниздзинад дзы фидар кæндзысты алы районтæй æрвыст адæймæгтæ. Æппæт хъæугæ фæрæзтæй центр у æххæст. Цалдæр бонмæ палатæты уæгъд бынæттæ нал баззад. Йæ кусджытæ сæрмагонд ахуырты рæстæг базыдтой куысты сусæгдзинæдтæ, рад дзы хæссынц дыууæ дохтыры — бонæй, æхсæв — радхæссæг персонал.

"Ныридæгæн центры дзæбæх кæнынц 25 адæймаджы, службæ кæны амбулаторон æххуыс дæр, республикæйы ис 8 геритрион кабинеты. Лæмбынæг цæст дараем хистæр кармæ, хъæугæ медицинон æххуыс исынц, куыд æмбæлы, афтæ", — зæгъы республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**.

Горæтгæрон районы рынчындоны сæйраг дохтыр **Наниты Аскеры** ныхæстæм гæсгæ, поликлиникæйы арæзт цæуы реабилитацийы, дзæбæхгæнæн процедурæты æмæ физиотерапийы хайад, ифтонг уыдзæн æнæмæнг хъæугæ кусæнгæрзтæй. Архайд цæуы интернетæй пайда кæнгæйæ, уый рынчынæн фадат дæтты, гæххæттытæ хæдзарæй æрбарвитын æмæ снысангонд бон центрмæ æрбацæуынæн.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ

Рахизфарсы районæй

Æфсæддон операцийы архайджытæ

Районы сæргълæууæг ФРАЙТЫ Сосланы ныхасмæ гæсгæ, районы цæрæг 200 адæймагæй фылдæр архайынц сæрмагонд æфсæддон операцийы.

— Рахизфарсы районæй нæ бæстæйы интерестæ хъахъхъæнынмæ ацæуæг дыууæсæдæйæ фылдæр адæймаджы хъæбатырдзинадæй сæрыстыр стæм. Рæзгæ фæлтæрæн фæзминаг уæвгæйæ, не 'мзæххонтæ се 'фсæддон хæслæвæрдтæ æнтыстджынæй æххæст кæнынц, — загъта бæрнон адæймаг.

Æдæппæт 100 тоннæйы бæрц техникон фæрæзтæ, уæлæдарæс, хойраг æмæ медицинон ифтонггæрзтæ кæдæм хауынц, дæс хатæй фылдæр ахæм гуманитарон æххуыс арвитыны хъуыддагмæ бар чи дары, Фрайы-фырт уыцы адæмæн бузныг загъта.

— Не 'мзæххонтæ бузныджы ныхæстæ æмæ нывтимæ сывæллæттæй æрбафтæг фыстæджытæй райгонд вæййынц, — зæгъы Фрайты Сослан.

БÆЗЗАТЫ Алинæ

Уæлахизы бонмæ

"... Кæд мæ læппу дæр афтæ.... кæмдæр..."

Мæ фыды фыд Хæмыцаты Айдарухъы фырт Базже цуанон лæг уыдис. Дыгуры æмæ Ассыйы кæмттыцы ком, цы адаг нæ басгæрста, ахæм, æвæццæгæн, нал баззад. Уыдис ын бирæ гуырдзиаг, кæсгон, балхъайраг лымæнтæ, зыдта сын се 'взæгтæ дæр. Йæ цотæн арæх дзырдта иу адæмон æмбисонд: "Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у, уый уæ рох макуы уæд".

Фæлæ иуахæмы тыхст уавæры бахаудта. Уæдмæ йыл астæ дæр рацыд, фæзæронд. Ставд лæдзæджы кæроныл зæронд джебогъ бакодта — цæмæй цъыф кæнæ салд зæххыл ма фæбырыдаид. Æмæ уый æнцæйтты рацу-бацу кодта кæрты, Йæ цæст дардта хæдзармæ, фосмæ, амыдта кæстæртæн, кæм цы кæнын хъуыдис, уыдæттæ.

1942 азы фæззæджы немыцаг фашисттæ рæстæгмæ хицауиуæг кодтой нæ райгуырæн хъæу Толдзгуыны. Æрцардысты хъарм уæтты, сæ хицæутты та сын уынгмæ ратардтой. Адæмæй кæмæн йæ бон куыд уыд, афтæ мадзæлттæ кодтой — чи ныккæнды царди, чи сарайы. Базже æмæ йæ цардæмбал, мæ нана Елиса-Хъыбызон дæр барæнæбары сæ дзаумæттæ уымæл ныккæндмæ ныйистой æмæ уым æрвыстой сæ бонтæ.

Хæдзары чи 'рцарди, уыцы немыцаг афицертæй сæ иу суанг фыццаг бонтæй фæстæмæ дæр йæ емынæ федта мæ бабайæ. Хъæуа-нæхъæуа, уæддæриу æм йæхимæ фæдзырдта æмæ уаты къулыл мæ фыд Зелимхан æмæ йе 'фсымæртæ (фыдæй иу, мадæй хицæн) Тугъан æмæ Иуаны хуызистытæм амонгæйæ, фæрсын райдыдта тызмæг хъæлæсæй, уырыссагау æрдæгцъæрræмыхстытæй, адон чи сты æмæ кæм сты, зæгъгæ. Базже-иу ныхъхъус, ницы æмбарæгау куы афицермæ бакаст, куы иннæ немыцæгтæм. Фæлæ иуахæмы, фашист æй куы нал уагъта, уæд йæхиуыл нал фæхæцыд. Уый размæ цалдæр боны рынчын уыд, ныр дæр йæ къæхтыл тыххæй лæууыд, йæ сæр зылди. Йæ цæст ахаста уаты къуымтыл, дзаумæттыл. Алцыдæр æмтъеры, цъыфамæст... Йæхи къухæй кæй фæарæзта, йæ фыртты тохы быдырмæ кæцæй арвыста, уыцы къæс æлгъаг адæм чъизийы бын фæкодтой....

Афицер та æнхъæлмæ каст дзуаппмæ. Базже æвиппайды хуызисттæм йе 'нгуылдзæй ацамыдта, стæй йæ лæдзæг-джебогъ афицермæ præхойæгау фæцарæзта: "Мæ фырттæ сымах хуызæн æрра сырдты цæгъдынц, цæгъдынц!.." Фашисттæ сдзолгъо-молгъо кодтой, фæлæбурдтой зæронд лæгмæ æмæ йæ кæртмæ раппæрстой. Тыхтæй-амæлттæй ма ныххылди йæ хуыссæнмæ...

Æндæр хуызы рауади мæ нана Елиса-Хъыбызоны хъуыддаг. Нæ йæ хъыгдардтой немыцæгтæ. Цæвиттон, хуымæтæг салдæттæй сæ иу уыдис бакастæй — асæй дæр, цæсгомæй дæр Елисайы иунæг лæппу Зелимханы халдих — уый дæр ахæм æрыгон, цардбæллон, цæрдæг. Зелимхан уыдис хæцæг æфсады, дзæвгар præстæг дзы ницы хабар уыди, æмæ мад йæхицæн бынат нал ардта. Уыцы немыцаг лæппуйы фыццаг хатт куы федта, уæд цыдæр æнахуыр æнкъарæнтæ фæцагайдтой ныййарæджы зæрдæ. Хæстæгиу бацыди лæппуйы размæ, æдзынæг æм каст, цыдæртæ дæр æм-иу сдзырдта фæлмæн хъæлæсы уагæй. Исты дзæбæх хæринаг-иу куы скодта Елиса, уæд дзы немыцаг лæппуйæн дæр хай бахаста. Иу бон-иу æй куы нæ федта, уæд-иу тыхсын райдыдта мæ нана. Лæппу дæр куыд нæ банкъардтаид уыдæттæ æмæ йæхæдæг дæр архайдта, æгъатыр тох кæимæ кодта, уыдонæй сæ иуы ныййарæджы истæмæй барæвдауыныл (чи æмæ кæд базыдта æмæ бамбæрста хъысмæты фæзилæнтæ!) — æрбахаста-иу ын куы адджинаг, куы исты хæдзарыдзаума, суанг ма йын иуахæмы æвзист къухдарæн дæр балæвар кодта... Æз мæхæдæг гыццыл лæппуйæ хъуыды кæнын нæ егъау алюминæй къæрта, цæугæдонæй дзы иу æмæ дыууæ хатты не схастон дон. Мæ мад мын дзырдта, уыцы къæрта дæр, дам, дæ нанайæн уыцы немыцаг лæппу æрбахаста...

Уый фæстæ хъуыддаг рауади афтæ, æмæ Сырх æфсад райдыдта Ирыстон знагæй сыгъдæг кæнын. Сармадзанты нæрын æмæ автоматты къæр-къæр бæстæ арыдтой. Иуахæмы скæсæнырдыгæй сармадзаны нæмыг æрбатахт æмæ немыцаг лæппу йе 'мбæлттимæ цы акъоппы бадти, уым фехæлд...

Немыцæн сæ сæр сæ кой сси, лидзынмæ фесты. Сармадзантæ нал æхстой. Елиса, кæд æй нæ баба нæ уагъта, уæддæр ныцыди уыцы акъоппы размæ. Касти æцæгæлон æдзард лæппуйы цæсгомæ æмæ йæ цæссыгтæй йæхи æхсадта.

— Цы кæныс, Елиса, цæуыл хъыг кæныс, уыдон не знæгтæ куы уыдысты? — бафарста йæ сыхаг устытæй чидæр.

— Кæд мæхи лæппу дæр афтæ... кæмдæр... искæй зæххыл, — йæ кæуын нæ уромгæйæ, сдзырдта мæ нана.

Ацы хабæрттæ, куы байрæзтæн, уæд фехъуыстон мæ мад Катяйæ, стæй нæ сыхы хистæртæй...

ХÆМЫЦАТЫ Морис

Арæзтад

Цалцæгмæ — 23 фæндаджы

Дзæуджыхъæуы фæндæгты цалцæгæн ацы аз радих кодтой 746 милуан сомы, уыдонæй 570 — федералон программæ "Безопасность и качество движения", 176 милуаны — республикон бюджетæй.



Фæрæзты фæрцы нысан кæнынц 43 фæндаджы, фондз километрмæ 'ввахс къахвæндæгтæ æмæ 300 хæдтулгæты лæууæн бынæттæ сцалцæг кæнын.

Куыстытæ æххæст кæнынмæ бавнæлдтой, уый тыххæй æхсæнадон советы æмбырды фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы Транспорты æмæ фæндæгты арæзтады управленийы хицау **Гæтциты Артем**.

"Ныридæгæн куыстытæ цæуынц Лагкуйы-фырты уынджы, йæ æртыццаг хай уал арæзт у, иннæтæм бавналдзысты, куыстытæ сæвзæры коммуникацитимæ баст фарстатæ, базæронд сты æмæ атонынц, уый та куыст къуылымпы кæны, фылдæр кæнынц хæрдзтæ дæр", — зæгъы Гæтцийы-фырт.

РУБАЙТЫ Нелли

Куырдиæттæ

Фæсивæд — фестивалмæ

Фæндзæм æппæтуæрæсеон фестивал "Фидæны айдæн PRO"-йы архайыны фæдыл куырдиæттæ исын райдыдтой. Куырдиæттæ барвитæн ис ацы мæйы кæронмæ сайт https://зеркалобудущего.рф/-мæ.

Киноныв тæ, репортажтæ æмæ цыбыр видеотæ аразыны хъуыддагмæ æргом чи здахы, фестивалæн фадæттæ саразæг адæм фестивалы архайынмæ ахæм скъоладзауты хонынц.

Ацы азы 3-11 июлы Горно-Алтайскы чи ацæудзæн, уыцы дзыллон мадзалы архайдзысты 12-18-аздзыд æнахъомтæ. Фестивал фыццаг хатт дихгонд уыдзæн мæнæ ахæм фондз къабазыл:

— ***"Хъазæн кино"***;

— ***"Цæрæгойты кино"***;

— ***"Документалон кино"***;

— ***"Форматтæ"*** (видеорепортажтæ, видеоблогтæ, ток-шоу, вайнтæ, видеоцæстдардтæ, видеоподкасттæ, стендап, стæй, социалон кæнæ вирусон роликтæ);

— ***"Кинокафт"***.

Фестивалы архайджытæ хæс у къабаз равзарын, хæслæвæрд сæххæст кæнын, куырдиат барвитын æмæ конкурсон æвзæрсты бæрæггæнæнтæм банхъæлмæ кæсын. Фестивалы раздзогтæ æмæ йæ курдиатджындæр архайджытæ ахуырад дарддæр ахæццæ кæнынæн, науæд сфæлдыстадæн ифтонггæрзтæ балхæнынæн райсдзысты æхцайы гранттæ. Грантты иумæйаг фонды бæрц у 2,5 милуан сомы.

Æппæт Уæрæсейæ зондамонджытимæ иумæ 150 æнахъомы кæдæм æрбацæуынц, "Фидæны айдæн" банымайæн ис куысты алыхуызон хуызтæ — кино æмæ видеоблогтæ аразын куыд хъæуы, уый тыххæй мастер-класстæй, стæй къуырийы кинорадтæй ахæм егъау æппæтуæрæсеон фестивалты онг — иугæнæг киноахуырадон проектыл.

РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты хъуыддæгты комитеты пресс-службæ

Барад

Æхцайы давд

Алагиры районы прокуратурæ бынæттон сылгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.

Ацы сылгоймаджы ахосджын кæнынц Уголовон кодексы 159-æм статьяйы 3-æм хайы ("Куысты бынатæй пайда кæнгæйæ, цæстфæлдахæн ми бакæнын") амынд фыдракæнд саразынæй. Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, арæзтадон кусæндоны разамонæджы бынат ахсгæйæ æмæ Суададжы Культураæйы хæдзар бындуронæй цалцæг кæныны фæдыл паддзахадон фидыд æххæст кæнгæйæ, сылгоймаг æххæстгонд куыстыты тыххæй заказгæнæгæн кæй бавдыста, уыцы акты фыст уыдысты куыстыты бæрцы тыххæй мæнг бæрæггæнæнтæ.

Проектон-аргъон гæххæттытæм гæсгæ, куыстыты хицæн хуызтæ æххæстгонд не 'рцыдысты.

Амынд гæххæттытæм гæсгæ, заказгæнæг арæзтадон кусæндоны хыгъдмæ æнæбындурæй кæй барвыста, гуырысхойаг сылгоймаг йæхиуыл бахардз кодта 220 мин сомæй фылдæр уыцы æхцатæ.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Алагиры районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

Уымæй уæлдай, прокуратурæ тæрхондонмæ барвыста Уголовон-процессон кодексы 44-æм статьямæ гæсгæ зианы аргъ бафидыны тыххæй куырдиат.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Адæймаг æмæ экологи

Ærдзы хорзæх нæхицæй аразгæ у

Уалдзæг йæ тæмæны бацыд, райхъал ærдз, æмæ зæрдæ рухс кæны. Уæлмонц хъуыдытыл нæ бафтауынц Ирыстоны æвзистхуыз цъититæ, фынккалгæ æхсæрдзæнтæ, ærдзы алæмæты диссаджы нывтæ... Адæймаг ærдзæй исы, йæ уды дзæбæхæн æй цыдæриддæр хъæуы, уый. Фæлæ йын йæхæдæг та цы дæтты? Хъыгагæн, æппындæр ницы, зиан йеддæмæ. Уыцы лыгæнинаг фарстатыл бирæ азты чи архайы, ærдз æмæ экологи бахъахъхъæнынмæ стыр æвæрæн чи бахаста, уыдонæй иу у техникон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы сгуыхт эколог ÆЛБОРТЫ Иван. Кадджын ахуыргондыл 14 апрелы сæххæст 80 азы, æмæ йын уый фæдыл газет "Рæстдзинад"-ы коллектив зæрдæбын арфæ кæны.

"Цы уавæры сты абон республикæйы ærдз, экологи æмæ сæ бахъахъхъæнынæн цы арæзт цæуы?" — Уый фæдыл у нæ ныхас Ælборты Иванимæ.

— Иван, абон нæ экологи цы уавæры ис, уый амонын никæмæн хъæуы. Йæ аххосаг та йын рагæй фæстæмæ дæр агуырдтам завод "Электроцинк"-ы куысты. Ныр дзы фервæзтыстæм. Исты аивта хорзæрдæм?

— "Электроцинк" кæй сæхгæдтой, уый иуæй хорз у, уæлдæф афтæ тынг нал хъæстæ кæны, уыцы буаргъæдтæ зæхмæ æмæ донмæ нал цæуынц, фæлæ иннæмæй та, уыцы бынат нырма "рынчын" у æмæ, адæймаг уыцы чъизиты тыххæй дзуапп кæмæй æрдома, уый нал ис. Уыдон, чъизи куыд кодтой, афтæ аразгæ дæр. Завод уыд урайлаг компанийы, æмæ афардæг сты. Ныр мах лыгæнинаг фарстаты уыдон аххосджын нал сты.

1990-æм азты уыцы бынаты сбæрæг кодтой, зæххы арф кæйонг чъизи у æмæ йæ алфамбылай хæдзæрттæ цы уавæры сты, уый. Æмæ сæ зæрдæ бамæгуыр. Зæхх 80 сантиметры бынмæ йедзаг уыд уæззау згъæртæй: ртут, кадмий, зды... Уыдон адæймагæн сты тынг тæссаг, уæлдайдæр кадмий: куы сæмбырд вæййынц буары, æмæ сæ адæймаг уайтагъд нæ рахаты, стæй та байрæджы вæййы. Адæймаг кæнæ æвиппайды азæронд вæййы, кæнæ низты бын фæвæййы. Дохтыры бон дæр хъæстæ ærдзы ныхмæ ницы у. Заводы уыцы фæзæн арæзт куы ницы 'рцæуа, йæ зæхх ремедиацигонд куы нæ 'рцæуа, уæд уавæр фыддæр кæндзæн. Ис цалдæр варианты. Зæгъæм, фиторемедиаци. Садзыс, тауыс уым сæрмагонд зайæгойтæ, æмæ уыдон зæххы хъæстæ уæлæмæ сисынц. Афтæ цалдæр азы, æмæ зæхх ссыгъдæггонд вæййы. Ахæм зайæгойты куы 'ркæрдынц, уæд сæ басудзынц, Фæлæ сæ мидæг бирæ згъæр вæййы, уый та нæ судзы, æмæ сæ кæцыдæр бæстæтæ пайда кæнынц. Куыд фæзæгъынц, иу æхстæн дыууæ тæрхъусы. Ахæм хуызы сыгъдæггонд цæуы зæхх. Фæлæ махмæ ныртæккæ уыцы куыст нæ цæуы.

Ныртæккæ раздæры "Электроцинк" ис нæхи горæты балансыл, фæлæ уыцы "уæзау" зæххыл нæй хæдзæрттæ, рæвдауæндæттæ, скъолатæ аразæн. Хъавыдысты дзы райдайæны цыдæртæ саразынмæ, æмæ мах сæ ныхмæ рацыдыстæм. Уым цалынмæ ссыгъдæг уа, уæдмæ дзы ницы аразæн ис. Уыцы фæзуатыл цы æртæ рæвдауæндоны ис, уым зæххы уæлцъар систой æмæ йæ нæхи республикæйы æндæр ран акалдтой. Уырдæм та ног сыджыт баластой. Иуæй, зæххы чъизи уæлцъар раивынæн уый фаг нæу, иннæмæй та, цы уæлдай у, хъæстæ сыджыт нæхимæ фæнды иу ран хъыгдарæд, фæнды иннæ ран... Уыцы рæвдауæндæтты сывæллæттæн 1991 азы сæ сæрыхъуынтыл сбæрæг кодтой дæс хатты фылдæр здыйы æмвæзад. Дыууæ азы нæм бакуыста ног программæ сывæллæттæ æмæ сывæрджын сылгоймæгты организм бæрæг кæнынæн, æмæ йын тынг хорз фæстиуджытæ уыд, фæлæ, завод куы сæхгæдтой, уæд уый дæр æхгæд æрцыд.

Заводы ацыды фæстæ уым стыр кæритæй цы буаргъæдтæ баззад, уыдон дæр цардæн тынг тæссаг сты. Райдайæны дзы дзæвгар аластой, фæлæ нырма бирæ сты. Куыд рабæрæг, афтæмæй ма сæ мидæг пайдайаг буаргъæдтæ бирæ ис, æмæ уæд пайдадæр уаид сæ ауæй кæнын, кæнæ нæхимæ уыцы æппарæццæгтæ куыстгæнæг завод саразын.

Ахæм уавæр уыд Уыналы дæр. Раздæры куыстуæтты радиоактивон хъæстæ æппарæццæгтæ кæдæм æмбырд кодтой, мæнæ хвостохранилище кæй хонынц, уыцы цад, уыдон сисын æмæ сæ спайда кæныны бæсты сæ зæххы бын баныгæдтой. Уыцы чъизитæ та зæххы бын дæттæм ахъарынц, кæсæгтæ йæ хæрынц, кæсæгты — адæм. Йæ уæлцъарыл цы кæрдæг сзайы, уый дæр хъæстæ вæййы, фос æй хæрынц, фосы дзидза — адæм, æмæ афтæ дарддæр. Æрдзы алцыдæр у кæрæдзиуыл баст. Раздæр ма уæлдæфы хъæстæдзинад бæрæг кодтой уынгты æвæрд сæрмагонд прибортæй, уыдон дæр советон цардимæ аивгъуыдтой.

— Куыд зонæм, афæмæй Терк бахауд Уæрæсейы стырдæр цæугæдæттæ Обь, Волгæ, Амур, Днепр, Енисей, Урал, Дон, Цæгатаг Двина æмæ Колымайы номхыгъдмæ йæ чъизидзинадæй. Хъуыды йæ кæнын, Терк иу — дыууæ азы размæ бахауд национ проект "Экологи"-йы ног федералон программæ "Оздоровление бассейна реки Терек", зæгъгæ, уый фæлгæтмæ. Ау, уыцы проекты чи архайы, уымæн йæ уавæр хуыздæр нæу?

— Уыцы проекты фæлгæты Терк сыгъдæг кæнынæн бирæ мадзæлттæ арæзт цæуы, фæлæ уый фаг нæу. Уый райгуыры Тырсыгомы мит æмæ цъититы дæттæй, рацæуы Цæгат Ирыстоныл, Кæсæг-Балхъарыл, Цæцæныл, Мæхъæлыл æмæ Дагестаны баиу

вæййы Хъаспы денджызимæ. Уæдæ, куыд уыныс, афтæмæй йæ сыгъдæгдзинад æрмæст махæй аразгæ нæу. Суанг Тырсыгомæй дæр сыгъдæгæй нæ рацæуы. Уым хъæууон хæдзарадæн бирæ куыстуæттæ ис, æмæ сæ химикатты чъизи уырдæм цæуы. **Саразын нæ хъæуы Терчы институт.** Уый тыххæй та куырдиат арвыстам бæстæйы Президент Владимир Путинмæ, æмæ нын бар радта. Уый тыххæй рахицæн кæндзысты æхцайы фæрæзтæ. Терчы институт нысан кæны, Терк цы фæзуæттыл цæуы, уыдоны æмхуызон архайд. Алы ран дæр дзы æмбæлгæ оргæнтæ сæ тыхтæ хъуамæ баиу кæной æмæ дзы чи зæхх бæрæг кæна, чи спъиртуадзæн заводты куыст, чи доны сыгъдæгдзинад æмæ афтæ дарддæр. Уыцы проектмæ ма хауы цæугæдонæн йæ фæрстæ сфидар кæнын дæр. Мах нæ æнамонддзинады аххосджын стæм нæхæдæг. Чъизи дон экологийы уавæрыл тынг кæй ахады, уый зонгæйæ, уæддæр алчидæр кæны йæхи

Уæрæсейы стырдæр цæугæдæттæ Обь, пайдайы мæт. **Иу аст æмæ ссæдз спъир-**

ты заводы нæм ис, æмæ дзы сыгъдæггæнæн техникон фæрæзтæ ис æрмæстдæр æртæйæн, иннæтæм нæй, уымæн æмæ тынг зынаргъ сты. Диссаг уый у, æмæ се 'ппæт дæр сты Терчы былтыл. Уæдæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сæ чъизи дæр уырдæм калынц. Æхсæвыгæтты сусæгæй акусынц, боны сæ ахгæнынц, цыма ницы аразынц, афтæ. Æмæ уый бæргæ æнцон базонæн у, дон æмæ рухсы нымайæнтæм æркæсгæйæ... Афтæ фосæргæвдæнтæн дæр сæ чъизы цæуы Теркмæ. Уыдон чи хъуамæ бæрæг кæна? Цæстдарæг оргæнтæ. Уыдон та сты прокуратурæ, санэпидемнадзор, росприроднадзор, Экологийы министрад... Махмæ уавæр куы фæхуыздæр уа, уæддæр инæ регионты дæр уыл куы нæ бацархайой, уæд дзы ницы аивдзæн.

— Цæгат Ирыстон хъуыстгонд у йæ сыгъдæг нуазыны дæттæй. Куыд сыгъдæггонд æмæ бæрæггонд цæуынц нæ донгуырæнтæ?

— Донгуырæнтæ махмæ цалдæр ис, æмæ æдзух бæрæггонд цæуы сæ хæрзхъæддзинад. Ис сын хъахъхъæнджытæ, уыдон æнæхицауæй фæуадзæн нæй. Сæрмагонд службætæ та сæ бæрæг кæнынц, сыгъдæг æй кæнынц хлорæй. Уымæн æмæ донгуырæны исты чъизи куы бахауа, уæд йæ бæллæх анхъæвздзæн æнæхъæн республикæйыл. Æцæг та ам дæр хæтæлтæ бамбыдысты, рæстæгæй-рæстæгмæ атонынц, кæм сæ чъизы бахауы, æмæ стыр зындзинæдтæ æвзарын кæнынц адæмæн. Зæронд хæтæлты хуынчъытæй бирæ нуазыны дон сæфы æмæ ма адæммæ йе 'мбис хæццæ кæны. Афтæмæй цæрджытæм сидæм сыгъдæг нуазыны доныл ауæрдыны тыххæй.

— Уынгты куы акæсай, уæд чъизийы бын фестæм. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ культурæйыл дзурæг у. Фæлæ адæм бынтон аххосджын дæр куыд сты, дæ бырон кæдæм аппарай, уый дын куы нæ уа, уæд?

— Нæй нæм, хъыгагæн, бырæттæ бакусыны практикæ. Сисæм æй хъæуты. Цы фæкæной сæ бырон. Цæмæй фæтк уа, уымæн хъæуы фадæттæ аразын. Быронтæ æвæрын, рæстæгыл сæ ласын. Кæннод сæ калынц быдырты, цæугæдæтты... Уым цынæ чъизитæ вæййы, ахæм нæй. Уыдоныл фæуары мит, къæвда, æмбийынц, æмæ сæ дон зæххы бынмæ ласы, æмæ та кæдæм бахауынц? Нуазыны дæттæм, баиу вæййынц зайæгойтимæ. Зæххы бын сыгъдæггæнæг техникæ нæм рæстмæ куы кусид, уæд бæргæ хорз уаид, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы дæр æдзæллаг уавæры сты. Уыдон зын фарстатæ сты, æмæ сæм хицауады 'рдыгæй хъусдард куы нæ уа, уæд ахуыргæндты бон ницы у.

Нæ бырæтты полигонтæ кæм сты, уым сæ бакуыстгæнæг завод куы уаид, фæсарæнты куыд у, афтæ, уæд уавæр хуыздæр уаид. Уым сæ дих кæнынц æфсæйнагæй, гæххæттæй æмæ сæ пайда кæнынц, быронæн дыккаг цард радтынц. Уый у стыр пайдайы хъуыддаг. Махмæ та дзы уæлæнгай цыдæртæ амбырд кæнынц, зæгъæм, хъæбæр гæххæтт, хуызджын згъæртæ, иннæ бырон æнæкуыстгондæй зайы.

— Кæддæр газеты кастæн, нæхи студенттæй чидæр целлофан æмæ пластикæйæн дыргътæ æмæ халсартты лæмарæнтæй ног биоæрмæг æрхъуыды кодта, кæцы тагъд пырх кæны æмæ ærдзæн зиан ницы хæссы. Фæлæ та рæстæг рацыд, æмæ никуыцæйуал разынд.

— Уымæй райдайæны пайдагонд цыд. Тагъд пырх кæны, уый раст у, фæлæ, куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй уыцы лæмарæнтæ дæр пайдайаг æрмæг не сты, ærдзæн къаддæр зиан нæ хæссынц. Æппæты хуыздæр у, раздæр дуканиты кæмæй архайдтой, уыцы гæххæттæй пайда кæнын, фæлæ уый та тынг зынаргъ у, бирæ хъæд бахъæудзæн цæгъдын, æмæ хæдзарадæн стыр зиан æрхæсдзæн.

— Абон дæр рох никæмæй у Хъолайы цъитийы трагеди. Цæмæй ахæм æнамонддзинадæй дарддæр хызт уæм, уый тыххæй исты аразт цæуы?

— Уыцы фыдбылыз куы 'рцыд, уый размæ бирæ азты дæргъы, мæнæ мониторинг кæй хонынц, уымæй пайдагонд нал цыд. Советон дуджы фæстæ ферох сты бирæ хорз хъуыддæгтæ, хъусдарæг сæм нал уыд, афоныл сæ нæ базыдтой, æмæ ахæм трагеди æрцыди. Цъитийæн та йæ хъуыддаг афтæ у, æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ бамбырд вæййы æмæ йын иу хатт æнæ ракæлгæ нæй. Ныр Геофизикон институт хæхтыл сæвæрдта дистанцион прибор, æмæ дардæй цъититы змæлдмæ сæ хъус дарынц. Цы датчиктæ æвæрд ыл ис, уыдон хæхты уавæр бæлвырдæй æвдисынц экраныл. Гыццылдæр фезмæлыд, уæд уайтагъд бæрæг вæййы.

— Иван, ныртæккæ хорзæй ницыуал фехъусдзынæ, æвзæр уавæры ис нæ экологи дæр. Фæлæ уæддæр газеткæсджыты зæрдæ цæмæй барухс кæнис?

— Ирæттæ сæ равзæрдæй абонмæ уыдысты хæстон адæм, фæлæ ærдзы ныхмæ хæцын нæ хъæуы, æххуыс кæнын ын хъæуы. Мах æй куы хъыгдарæм, уæд нын æй цалдæр ахæмæй бафиддзæн. Нæ экологи сыгъдæг куы уа, уæд нæм туристтæ дæр фылдæр цæудзæн, нæ цард фæрныг уыдзæн, адæм та — æнæниз.

— Бузныг!

Ныхас ныффыста ДЖУСОЙТЫ Нинæ

Юбилей

"Федтон æз мæхи цæстытæй..."

Цæгæраты Гигойы райгуырдыл сæхæст 100 азы

Поэт, тæлмацгæнæг Цæгæраты Гиго райгуырд Цæгат Ирыстоны Алагиры. 1942 азы каст фæцис Дзæуджыхъæуы фистæгæфсæддон училищæ, æмæ йæ арвыстой Сталинграды фронтмæ минæхсæн ротæйы командæгæнæджы хæдивæгæй. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджын æрцыд Фыдыбæстæйы хæсты 1-аг æмæ 2-аг къæпхæнты ордентæ æмæ бирæ майдантæй. Уæззау цæфы фæстæ 1942 азы Сырх Æфсады рæнхъытæй уæгъдгонд æрцыд.

1943 азæй райдыдта йæ куыстадон архайд. Куыста скъолайы æфсæддон разамонæгæй, Бæстæзонæн музейы директорæй, райóны газет "Раздзоджы". 1946 — 1947 азты ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны пединституты, 1948 азæй 1953 азмæ — Мæскуыйы Максим Горькийы номыл литературон институты. Уый фæстæ куыста газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы, 1995 азæй — Радио æмæ телеуынынады комитеты литературон — музыкалон редакцийы хистæр редакторæй.

Цæгæраты Гиго литературæмæ 'рбацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ. Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыргонд цыдысты республикон газеттæ æмæ литературон журналты: "Ногдзау", "Мах дуг", "Фидиуæг". Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыргонд æрцыдысты æрыгон авторты иумæйаг чингуыты.

Цæгæраты Гигойы фыццаг чиныг "Хæлардзинады зарджытæ" рацыд 1955 азы. Уырдæм бацыдысты йе 'мдзæвгæтæ хæлардзинадыл, алы бæстæты адæмон хъайтарты тыххæй. Йæ дыккаг æмбырдгонд хуыйны "Афтæ райгуырди зарæг". Уырдæм бацыдысты Гигойы æмдзæвгæтæ Райгуырæн бæстæйы, уарзондзинады тыххæй.

Цæгæраты Гиго фыста сывæллæттæн дæр. Йæ чиныг "Ичъи" рацыд 1962

азы, чиныг "Нæ бинонтæ" та фыст у кæстæр кары скъоладзаутæн.

Цæгæраты Гигойы дыууæ чиныджы рацыдысты уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй: "Дыхание" (1963) æмæ "Папа, купи облака"... (1967) Фæстаг чиныг фыст у фыдуаг, æнæсæттон лæппу Мураты, къулбадæг чызг Зарæ æмæ æндæр сывæллæтты тыххæй.

Йæ чиныг "Зымæгон хъазт"-мæ бацыдысты райгуырæн уæзæджы таучел ærдзы тыххæй фыст æмдзæвгæтæ. Уыдон сывæллæтты ахуыр кæнынц зæрдæхæлардзинадыл, æнæсайд уæвыныл, интернационалон æнкъарæнтыл.

Цæгæраты Гиго Хуыбецты Раяимæ ныффыстой либретто оперettæйæн фæсивæдыл — "Къулбадæг чызг".

Цæгæраты Гигойы поэзийы зынгæ бынат ахсы поэмæ "Нæмыджы раныхас Генералон ассамблейы". Мыхуыргонд æрцыд "Мах дуг"-ы 1967 азы. Уыцы поэмæ фыст у хæстæндзарджыты ныхмæ.

Цæгæраты Гигойы æмдзæвгæтыл фыст æрцыд сæдæ зарæгæй фылдæр. Зарджытæ систы йе 'мдзæвгæтæ: "Фыдуындтæ цы фæуой уæд?" "Дидинæг", "Уалдзыгон сагъæстæ" æмæ æндæртæ.

Цæгæраты Гиго æнтыстджынæй кодта тæлмацгæнæджы куыст дæр. Уый ирон æвзагмæ ратæлмац кодта уырыссаг, украинаг, гуырдзиаг, сомихаг, азербайджайнаг, цæцæйнаг, мæхъæлон, кæсгон, балхъайраг, дагестайнаг, удмуртаг, чувашаг, бурятаг, болгайраг, вьетнамаг, польшæйаг поэтты æмдзæвгæтæ, ратæлмац кодта Муса Джалилы æмдзæвгæтæ дæр.

Цæгæраты Гигойæн йæхи 'мдзæвгæтæ дæр хаст æрцыдысты ирон авторты иумæйаг æмбырдгæндтæм: Эстонийы, Цæцæны, Мæхъæлы, Кæсæг-Балхъары, Дагестаны æмæ æндæр рæтты. Поэты æмдзæвгæты æхсæз æмбырдгонды уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй мыхуыры рухс федтой бынæттон æмæ мæскуыйаг рауагъдæдты.

Нæ зæхх

Дæуыл, нæ зæхх, мæ нысанмæ цæуын,
Мæ ныфс дæ ды, мæ бæллиц дæ, мæ кад дæ,
О, цал хатты æз сæмбæлдтæн дæуыл,
Уæддæр мæ уарзт дæумæ нæ кæны къаддæр.
Зæгъæм, рæстæгмæ нал тавы дæуу хур,
Зæгъæм, æртах дæм нал хауы нæ арвæй,
Нæ ауадзин дæуу ацæуын зынггур,
Мæ зæрдæйæн дæ батавин йæ хъармæй.
Къæвдайау дæм кæлид мæ цæнгтæй хид,
Æз дæн дæуæн, нæ цытджын зæхх, нæ дарæг.
Мæнмæ ыздах ды иудадзыг дæхи,
Дæ цард — мæ зонд, мæ къух æмæ мæ зарæг.

Зæххон стъалытæ

Нæй нæ зæххæн иунæг уысм дæр бадæн,
Хъарм у уый зæххон стъалыты рухсæй,
Уыцы зæххон стъалытæ сты адæм,
Ис сын иу ном: амондхæссæг кусæг,
Уыцы цæдис фидар у. Нæ хæлы,
Иу хъуыддагыл, иу фидæныл кусынц.
Уыдоныл æз иудадзыг æмбæлын
Æмæ сын сæ зæрдæты цæф хъусын.

Къостайæн

Ды, Къоста, дæ мæгуыр адæм, Ирæн
Канд поэт нæ уыдтæ, фæлæ арт дæр.
Уарзтой дæ, рæсугъд зарæгау, бирæ,
Æмæ се 'фхæрд зæрдæты æрцардтæ.
Цардау махæн иудадзыг æгас дæ,
Дунейæн дæр ссис дæ фæндыр зонгæ.
Рæстæг цас фылдæр ныхъуыры аздæ,
Уыйас нын кæныс ды та æвзонгдæр.

Хуры скаст

Бацыдысты тæхаг цъиутæ ерысы, —
Чи ныккæна аивдæр йæ зарджытæ.
Цъити дæр йæ салд бынатæй фенкъуысыд
Æмæ комæн абырыд йæ нарджытæм

Дзæбидырты сыкъатæн сæ къæрццытæ
Аскъæфта тæлтæг дымгæ йæ базыртыл.
Се 'мбæхст рæттæй ратахтысты уæрццытæ
Æмæ систой цъæх кæрдæгыл хъазынтæ.

Мæлдзыджытæ раккуырстой æд хызынтæ,
Дидинджытæ айдзаг ысты бындзытæй.
Дысоны хæрзфынты фæстæ уызынтæ
Кæрдæджы хъыдзы кæнынц сæ сындзытæй.

ЦÆГÆРАТЫ Гиго

Кæлмытæ дæр рахылдысты хурвæрстæм,
Малты змæлынц кæсæгтимæ хæфсытæ,
Тæрхъустæн сæ фынтæ дзурынц рувæстæ,
Къодæхтыл сæ тых æвзарынц æрсытæ...

Ærдзæн радта уыцы хъазт
Хуры скаст

Абон дæр æнкъарын

Цæфтæй мæ чи рахаста хæстæй,
Мæлæтæй чи ратыдта мæн,
Æз уый нæ федтон уæд мæ цæстæй:
Мæ цæфтæй саугуырм уæд уыдтæн.
Фæлæ ма абон дæр æнкъарын
Мæ буарыл уый хъарм къухты фæд.
Куы йæ бауид мæ бон ыссарын,
Æз ын ныхъхъæбыс кæнин уæд.

Уыцы цин

Адæмы цин арвы бын дæр нал цыд,
Стыр Уæлахиз... Хæсты арт ныхъуыссыд,
Гъе уæдæй ныр цал дæс азы рацыд,
Уыцы цин ма нæм гъе ныр дæр хъуысы.

Федтон æз мæхи цæстытæй

Æз фæдзурын хæсты тыххæй,
Уымæн æмæ уыдтæн хæсты. —
Уæдæ уыцы зынты тыххæй
Чи зæгъдзæни, чи, мæ бæсты.

Федтон æз мæхи цæстытæй,
Топпы дзыхæй зынг куыд калди.
Хæдтæхæг лыстæг сæстытæй
Зæхмæ судзгæйæ куыд хауди.

Нæмгуыты зæй пиллон калгæ
Хъæутыл, горæттыл куыд зылди,
Дæтты сæрты, хидтæ халгæ,
Знаг æгъатырæй куыд цыди.

Федтон æз мæхи цæстытæй,
Лæг йæ уд куыд иста нæууыл.
Знаджы сармадзан тæстытæй
Доны былгæрон куыд лæууыд

Тугæй сырх куыд дардтой дæттæ,
Хъæд куыд тахт хæрдмæ ысхъистæй,
Уацары нæхи салдæттæ
Знаджы салдæтты куыд истой.

Федтон æз мæхи цæстытæй,
Танк мæ нæмгуытæй куыд сыгъди.
Ме 'хсаргарды сонт дзæхстытæй
Немыцаг салдат куыд лыгъди.

Знаг йæ маргæйдзаг дзæмбытæй
Сабиты хурхыл куыд хæцыд.
Мах партизанты нæмгуытæй
Знаг фæсчъылдымы куыд мæцыд.

Федтон æз мæхи цæстытæй,
Не стыр Уæлахиз куыд гуыры,
Буарыл гранаттæ бæстытæй
Танчы бынмæ лæг куыд бырыд.

Арвыстон æз ме 'взонг азтæй
Цалдæр хæсты стыр цырены.
Уыцы зынтæн, уыцы мастæн
Нал фæнды мæн, нал, сæ фенын.

Æрмæг бацæттæ кодта АБАЙТЫ Эдуард

Спортивон фидиуæг



Футбол

Рамбулын сын нæ бантыст

Уæрæсейы фыццаг къорды футболон чемпионаты командæтæ ивгъуыд сабаты акодтой 27-æм туры хъæстытæ.

Дзæуджыхъæуы "Аланыстон"-ы ныхмæлæууæг уыдис Астраханы командæ "Волгар". Фембæлд цыдис Грознайы сæйраг стадион "Ахмат-арена"-йы, æмæ фысымыл нымад уыдис "Аланыстон". Уыцы бон йæ рæнхъыты фæзмæ рацыдысты: **№1 — Ростислав Солдатенко, №15 — Хъоцыты Хетæг, №19 — Бутаты Алон, №4 — Хъæцмæзты Сослан, №80 — Хосонты Хетæг (79 минутыл — Хæдарцаты Батрадз — №10), №11 — Цоциты Алан (65 минутыл — Гуырцъыты Батрадз — №7), №77 — Хæбæлаты Алан (65 минутыл — Цæраты Алан — №22), №20 — Артур Галоян (46 минутыл — Хусаин Норчаев — №9), №73 — Максим Петров (46 минутыл — Заур Тарба — №93), №14 — Ислам Машуков, №99 —Николай Гиоргобиани.**

Хъазты фыццаг æмбисы командæтæ рауадысты æмдых. Пурти алайнæгтæм кæд фылдæр рæстæг уыдис, уæддæр уазджытæ уыдысты къæрцхъус æмæ сæ дуармæ бацæуæнтæм хæстæг тæссаг уавæртæ саразын бирæ нæ бантыст, фæлæ уæддæр сæ ныббырстытæй иуы 12-æм минутыл "Аланыстон" хъазты хыгъд байгом кодта. Артур Галоян фæзы галиу фарсæй пурти дæсны лæвæрд бакодта уазджыты иварон фæзмæ, æмæ йæм уым иттæг хорз фæцарæхст Николай Гиоргобиани. Уазджыты дуармæ, чъылдыммæ лæугæйæ, уый йæ сæрæй пурти хъахъхъæнджытæ æмæ дуаргæсы иувæрсты сæ дуары фæмидæг кодта.

"Аланыстон" размæ рацыд 1:0-æй, фæлæ уый ахаста 33-æм минутмæ. Уазджытæ сæ архайд фæцырддæр кодтой æмæ, кæд фысымты дуармæ хæстæг бабырсын сæ къухы арæх не 'фтыд, уæддæр сæхи бацæуæнтæм дæр баирвæзын фæзындæр.

33-æм минутыл уазджытæ ацарæзтой æвиппайды ныббырст, æмæ сæ размæбырсæг **Артем Денькин** дзуаппон гол бакъуырдта "Аланыстон"-ы дуарæй. Хыгъд ссис 1:1.

Дыккаг таймы алайнæгтæ сæ архайд фæрæвдздæр кодтой. Иу иннæйы фæдыл арæзтой ныббырстытæ. Хæстæг уыдысты хыгъд сæхи пайдайæн раивынмæ: Ислам Машуков, Артур Галоян, Хусаин Норчаев, Николай Гиоргобиани, фæлæ та иу хæрзчысыл сæ цæфтæ нал фæрæстмæ сты.

Ахæм уавæры та уазджытæн сæ хъул сах абадт. 75 минутыл сын фадат фæцис "Аланыстон"-ы дуарæй 26 метры дарддæрæй иварон цæф ныккæнын. Уыцы цæфмæ алайнæгты иварон фæзы иттæг хорз фæцарæхст уазджыты хъахъхъæнæг **Данилæ Козлов** æмæ пурти фысымты дуарыхызыл сæмбæлын кодта. "Волгар" размæ рацыд 2:1-æй.

Хъазты кæронмæ ма, цы 15 минуты баззад, уыдоны алайнæгтæ æнæрынцойæ тырныдтой хъазты цыд сæхи пайдайæн рацаразынмæ. Сæ ныббырстытæй иуы 83-æм минутыл уазджытæ, Гуырцъыты Батрадзы уромгæйæ, хъазты фæтк фехæлдтой, æмæ сæ тæрхонгæнæг фæивар кодта.

20 метры дæрддзæфæй Гуырцъыты Батрадз пурти сæмбæлын кодта уазджыты дуары уæллаг къуымы. Хъазты хыгъд ссис 2:2, фæлæ алайнæгтæ тырныдтой æрмæстдæр уæлахизмæ, æмæ ма сын цы 7 минуты æмæ уæлæмхасæн цыппар минуты баззад, уыдоны сарæзтой къорд ныббырсты.

Уазджытæн бантыст уыцы ныббырстæй сæ дуар бахъахъхъæнын, æмæ хъазт ахицæн 2:2 хыгъдимæ.

"Аланыстон"-ы сæйраг тренер **Олег Василенко** хъазты фæстæ пресс-конференцийы загъта: "Хъазт 2:2-йæ кæй ахицæн, уый хардзау кæсы махмæ. Махæн уыдис зынгæ фылдæр гæнæнтæ, фæлæ нын фылдæр голтæ бакъуырын кæй нæ бантыст, уый хъуыдыйаг у, æмæ йыл кусдзыстæм. Нæ ныхмæлæуджытæн уыдис æрмæстдæр дыууæ гæнæны, æмæ сын фæрæстмæ сты. Мах бузныг зæгъæм нæ иузæрдион фарсхæцджытæн æмæ ныр архайдзыстæм уыдоны фæндиаг нæ хъазт аразыныл".

"Аланыстон"-ы рæнхъыты, 79-æм минутыл фæзмæ Хæдарцаты Батрадз кæй рацыд, уый æхсызгон уыд футболуарзджытæн. Батрадз дæргъвæтин рæстæг дзæбæх кодта йæ раздæры цæфтæ æмæ, ныр хъазæн фæзмæ кæй рацыд, уый ныфс дæтты, куыдфæстæмæ йæ раздæры æмвæзадмæ кæй схиздзæн æмæ та йæ сæрæн æмæ уындджын хъазтæй футболуарздджыты зæрдæтæ кæй рухс кæндзæн.

"Аланыстон" йæ иннæ радон хъазт акæндзæн 21 апрелы уазæгуаты Ярославлы "Шинник"-имæ.

27-æм туры командæты хъæстытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: **"Аланыстон" — "Волгар"** — 2:2, "Енисей" — "Балтикæ" — 1:1, "Уфа" —"Акрон" — 0:0, "Родинæ" — "Динамо-Махачкала" — 2:0, "Рубин" — "Шинник" — 3:0, "Волгæ" (Ульяновск) — "Арсенал" Тула) — 0:0, "КамАЗ" — "Велес" (Москва) — 0:2, "Нефтехимик" — "Краснодар-2" — 3:0, "ПФК Хъубан" —"СКА-Хабаровск" — 2:2.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Командæтæ	Хъ	Р	Æ	Х	П	О
1. Балтикæ	27	14	12	1	46-23	54
2. Рубин	27	13	11	3	42-24	50
3. Енисей	27	11	12	4	35-26	45
4. **Аланыстон**	**27**	**12**	**9**	**6**	**43-30**	**45**
5. Волгар	27	10	10	7	31-25	40
6. Динамо (Махачкала)	27	9	10	8	18-20	37
7. Арсенал	27	10	7	10	33-33	37
8. СКА-Хабаровск	27	9	9	9	40-33	36
9. КамАЗ	27	9	9	9	28-27	36
10. Нефтехимик	27	9	9	9	24-24	36
11. Шинник	27	10	6	11	31-33	36
12. Акрон	27	7	14	6	28-28	35
13. Родинæ	27	9	8	10	29-32	35
14. Хъубан	27	8	7	12	30-31	31
15. Велес	27	8	4	15	27-42	28
16. Уфа	27	6	7	14	25-35	25
17. Волгæ	27	4	10	13	19-36	22
18. Краснодар-2	27	5	6	16	17-44	21

Барадон фæтк

Профилактикон ныхас

Уæззау æмæ уæлдай уæззаудæр фыдракæндтæ саразыны тыххæй, ахæстоны фæбадыны фæстæ чи рауæгъд, Дыгуры районы мидхъуыддæгты хайады дæлхайæдты кусджытæ районы цæрæг 150 ахæм адæймагæй фылдæр бабæрæг кодтой.

Амынд куыст æххæст кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ ныхас кодтой раздæры ахст адæймæгты хиуæттæ æмæ сыхæгтимæ дæр. Пъæлицæйы хайады кусджытæ раздæры ахст адæймæгтимæ профилактикон ныхас кодтой. Ацы куыст æххæст кæныны рæстæг раргом сты "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 19.24 статьяйы ("Административон гæрæнтæ æмæ административон цæстдарды заман фидаргонд хæстæ не 'ххæст кæнын") амынд административон барадхæлдтытæ.



Уымæй уæлдай, Дыгуры районы мидхъуыддæгты хайады фæндонæй амынд районы тæрхондонмæ барвыстой административон цæстдарды æмгъуыдыл бафтауыны æмæ уæлæмхасæн гæрæнтæ сфидар кæныны тыххæй куырдиат.

Нæ уацхæссæг

Юбилейон равдыст

Йæ алы къахдзæф дæр баст у аивадимæ

Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты залы байгом зындгонд скульптор ДЗБОЙТЫ Михалы юбилейон равдыст. Архайдтой дзы республикæйы парламент, хицауад, культурæ æмæ æхсæнады минæвæрттæ, йæ ахуырдзаутæ æмæ йе сфæлдыстадæн стыр аргъ чи кæны, уыцы адæймæгтæ.

Парламенты сæрдар **Тускъаты Таймураз** сфæлдыстадон бæрæгбоны архайджытæн цы хъуыдытæ фехъусын кодта, уыдоны мидис æнгом баст уыд нæ удварны хæзнатæ æмæ историимæ:

"Дзбойты Михалы куыстытæ нæ æфтауынц нæ историйыл хъуыды кæныныл, нæ адæмы миддунейы æвæрæнтæ куыд æрцæуой хъахъхъæд, уыл. Уыл ахуыр кæны йæ фæстагæтты дæр. Æрæджы уыдтæн йе сфæлдыстадон æрмадзы, федтон йæ фырт Арсены куыстытæ æмæ бамбæрстон, йæ фыды хъуыддаг дарддæр хæццæгæнæг кæй ис, уый. Йæ куыстыты ис нæ историон идейæ, сарæзт сурæтты ирдæй æвдисы адæймаджы удыхъæд, йæ ахаст цардмæ. Михалы куыстытæ аив кæнынц Ирыстоны зæхх". Юбилярæн радта РЦИ-Аланийы Парламенты Кады гæххæтт.

"Нывгæнæг иу куыст куы саразы, æмæ йын æй адæм куы зоной, уæд уый хъæбатырдзинадыл нымад у. Дзбойты Михалæн та цал æмæ цал ахæм куысты зонынц адæм!" — загъта йæ раныхасы **Мæргъиты Таймураз** — Нывгæнджыты цæдисы сæрдар.

Юбиляры сфæлдыстады фæдыл дарддæр йæ никæцы адæмыхатты минæвæртты зонынц. Сæ иу у Дзбойты Михал. 50 азæй фылдæр лæггад кæны республикæйы аивадæн, йæ алы **къахдзæф дæр баст у æгъдауимæ**. Бирæ йын бантыст Ирыстоны хорзæхæн, æмæ ма йын уымæй фылдæр бантысæд".

Зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ зæлыдысты, бирæ азты кæй зоны æмæ æмцег кæны, уыцы адæймæгтæй, йæ ахуырдзаутæй.

Республикæйы адæмон поэтессæ **Гуырдзыбегты Иринæ** бакаст сæрмагондæй Михалы юбилеймæ фыст æмдзæвгæ, сфæлдыстадон бæрæгбоны мадзалы зæлыдысты ирон мелодитæ, акодта сæ Культурæйы колледжы адæмон инструментты оркестр.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къамтæ

Цæгат — Хуссар

"Хивæнд чызг" — Дзæуджыхъæуы

Абон Хуссар Ирыстоны паддзахадон драмон театры артисттæ цыбыр гастролон балцы сты Дзæуджыхъæуы.

Хуссарирыстойнаг артисттæ Тæбæхсæуты Балойы номыл академион театры сценæйыл изæры 18 сахатыл равдисдзысты Уильям Шекспиры пьесæ "Хивæнд чызджы" бындурыл æвæрд спектакл (режиссер-æвæрæг — Челæхсаты Эдуард).

Спектаклы сæйраг ролтæ ахъаздзысты — Хаситы Сослан æмæ Натия Чохели. Уыдонæй уæлдай, спектаклы архайдзысты — Пæррæстаты Дмитри, Джиоты Сослан, Мæргъиты Ингæ æмæ иннæтæ.

Театры пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, спектакл синхроны хуызы тæлмац кæндзысты уырыссаг æвзагмæ.

Нæ уацхæссæг

Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай

Хæдзары хицау чи у?

Адто мидæгмоймæ бацыд иу усмæ. Йæ цардæй разы бæргæ уыд, цалынмæ сæм йæ усы мад нæ фæзынд, уæдмæ. Ус хъахбай, налат разынд. Йæ ныхас æппынæдзух уыдис уыцы иугъæдон: "Хæдзары хъуамæ уа иу хицау, иу уынаффæгæнæг, æмæ уый дæн æз". Уæлдай сыбыртт кæнын никæй уагъта, уæлдайдæр сиахсы. Лæг тыхсын райдыдта, йæ хъæстытæ йе 'мбæлттæн фæкодта. Уæд иу бон доны был бадынц, дзæбæх аныстытæ кодтой, æмæ læппутæй иу афтæ зæгъы: Адто, лæг дæ æви уыг дæ?

— Лæг дæн, уæдæ цы дæн. Уæдæ ма дæ иухатт лæджы тæф ракæлæд. Стъол тымбыл къухæй ныххой! Ам хицау чи у?

Уыцы хъæлдзæг æмæ ныфсджынæй хæдзармæ бацыд, хæрæндоны æрбадт æмæ йæ усмæ дзуры: "Ам хицау чи у? — стъол тымбыл къухæй æрхоста æмæ хъæрæй. — Кæй зæгъын æй хъæуы, æз!" Йæ ныхас кæронмæ нæмæ фæци, афтæ усы мад дуарæй æрбахызт. — Цы загътай, цы? — уыцы иу тъæлланг фæкодта. Сиахс хорзау нал фæци æмæ ма ныллæг ризгæ хъæлæсæй сдзырдта:

— Цæй, хъазæн ныхас зæгъæн дæр нæй.

Сæрибар

Иу лæг бинонты хъуыддаг бакодта æмæ йын куысты ног фатер радтой фарæстæм уæладзыджы. Иу цалдæр мæйы фæстæ сæм йæ усы мад фæзынди. Æрбынæттон. Бинонтæм йе 'взаг хæццæ кæнын байдыдта, уынаффæтæ йæхимæ исы, сиахсæн дæр зонд амоны. Лæгæн йæ бон куы нæуал уыдис, уæд æй иу райсом йæ æфцæгготæй балкъонмæ радавта, йæ сыхаг лæгтæ дæр йæ фæйнæфарс сæ балкъонты тамако дымынц. Усы æфцæгготыл хæцы, афтæмæй сыхæгты фæрсы: "Вано, ды дæ усы мадæн цы бакуыстай?"

— Бæласыл æй æрцауыгътон. Гиго, ды та цы бакуыстай дæ усы мадæн? — Ивылд доны йæ баппæрстон! Кæсыс! Адон æппындæр тæригъæд нæ зонынц. Æз та уал дæ сæрибарæй уадзын.

Хæрæгсаст

Ирон адæм ма фылдæр цуанæй куы цардысты, уыцы рæстæг иу лæг, мæгуыргомау цæрæг, бирæ фæцуан кодта, фæлæ ницæуыл сæмбæлд сырды 'гъбийы мын аирвæзын кодтай, хорзæй дын цы фæуон? Ницы дын бавгъау кæндзынæн, ис мæм, цæрæг лæг дæн.

Цуанон ницы сфæрæзта зæгъын.

— Уæдæ ахсæв ахъуыды кæн æмæ райсом ацафон, фылдæр дæ чи уарзы, уыимæ ам сæмбæл. Цы зæгъай, уый дын мæнæй.

Цуанон æнафонмæ йæ бинойнагимæ фæрахъуыдыбахъуыды кодтой, цы хъуаг æййæфтой, уыдон æрымысыдысты.

Обауыл æнхъæлмæ кæсынц сæ хæрзгæнæгмæ. Уый фæстиат кодта. Цуанон йæ усмæ дзуры: "Тыццыл æрхуыссон, тынг фæллад дæн". Æмæ уайтагъд афынæй. Уалынмæ лæг уыцы хорз арæзтæй фæзынд. Усæн йæхи бацамыдта. Цуанон фынæй кæны. Лæг усимæ ныхæстыл фæци. Йæхи йын бауарзын кодта. Сылгоймаг сразы ис йæ ус суæвыныл. Фæлæ, дам, цуаноны та цы фæкæнæм? — Хъыгдарыны хос, æндæр нын куы ницы у, æмæ йæ амарæм, — загъта лæг.

— Куыдæй?

— Мæнæ дын хъама, æмæ йæ цæв.

Ус йæ лæджы сæрмæ хъама систа. Ардауæг ныхъхъæр кодта:

— Кæдæм æй марыс?!

Цуанон фехъал. Кæсы, æмæ йæ усы къухы хъама. — Стыр бузныг, сдзырдта йæм нæлгоймаг, — хорз лæг, мæ лæппуйы мын кæй фервæзын кодтай, уымæй. — Фæлæ уыныс, æз та дын дæхи фервæзын кодтон. Ныр стæм хæрæгсаст.

МАМИАТЫ Таймураз, æхсæнадон уацхæссæг

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Домашние соления:
квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем,
свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры.
ТЕЛ.:
8-906-188-38-83.

Продается 2-комнатная квартира.
Адрес: г. Дигора,
ул. Кибизова, 6, кв. 5.
Тел.: 8-909-476-15-44.

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивдзытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Сæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3439.
Заказ № 429.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru